



“Ebèjeman” gen ladan otèl, motel, obèj, chanm otèl ansanm avèk tout lòt lokasyon rezidansyèl akoutèm yo, sa ki gen ladan sa yo ki òganize atravè platfòm ebèjeman anliy tankou Airbnb ak VRBO.

Restoran, pisin, jimnaz, spa, lokal aktivite (sal bal, sal reyinyon, elatriye.) teren golf ak lòt ekipman ki lokalize nan distans ebèjeman yo pa kapab fonksyone ke nan mezi kote yo pa otorize kategori sa yo pou, fonksyone lòt kote nan Commonwealth ak sou rezèv nan règleman sekirite COVID-19 ki aplike nan enstalasyon otònòm menm nati. Operatè lojman yo dwe konsilte sit entènèt la sou re-ouvèti Massachusetts pou yo ka konsilte estanda sekirite siplemantè yo ki spesifik avèk sektè sa a.

Operatè lojman yo gen obligasyon pou enfòm envite yo alafwa nan moman rezèvasyon an fèt ak nan anrejistreman sou [òdonans vwayaj aktyèl](#) Commonwealth la ak obligasyon envite a pou li rete an karantèn pou katòz jou apre nou fin rive oswa jiskaske yo resevwa yon rezilta tès negatif COVID-19, sof si yo satisfè sèten eksepsyon limite. Yo ankouraje operatè lojman yo pou afiche siy sou sitwèb yo ak nan anrejistreman avèk enfòmasyon sou egzijans pou vwayajè ki andeyò eta.

Operatè etablisman lojman endividyèl san pèsònèl tankou lokal akoutèm kay oswa apatman yo dwe konfòme avèk estanda ijyèn spesifik anba, sa ki gen ladan egzijans netwayaj ak peryòd separasyon minimòm ant lokasyon yo.

## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Chak etablisman dwe kontwole antre ak sòti vizitè yo, asire distans sosyal, ak limite kantite moun an toutan nan sa ki piwo nan sa ki annaprè a :

- 50% nan maksimòm okipasyon etablisman an ki otorize jan li dokimante nan dosye pèmi okipasyon l avèk depatman bilding minisipal oswa lòt detantè dosye minisipal
- Etablisman yo ki pa gen limit pèmi okipasyon otorize nan dosye a ka kite 10 moun pou chak 1,000 pye kare espas aksesib
- Nan nenpòt ka, okenn espas fèmènan nan etablisman an ka depase okipasyon 10 moun pou chak 1,000 pye kare
- Tout chif ak kalkil okipasyon dwe enkli vizitè, anplwaye, ak lòt travayè yo

Asire separasyon 6 pye oswa plis ant moun yo sof si sa kreye yon danje pou sekirite

- Fèmènan oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak envite yo ak zòn wo dansite yo kote travayè ak envite yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, zòn pou chita, sant biznis, zòn sèvis konsyèj, saldantre/biwo resepsyon pou anrejistre) pou pèmèt 6 pye distans fizik
- Re-amenaje espas biwo, estasyon travay oswa kabin yo, si posib, pou asire ke espas travay yo garanti omwen sis pye distans fizik
- Patisyon fizik dwe separe estasyon travay ki pa kapab espase; klwazon yo dwe mezire omwen 6 pye wotè
- Enstale makè vizyèl (limit, pasaj, siy, elatriye.) pou ankouraje kliyan yo rete omwen 6 pye apa pandan yap fè mouvman nan tout espas la
- Patisyon fizik pou estasyon anrejistreman yo (egzanp., biwo devan) kote sa posib, otreman kenbe yon distans 6 pye kote sa pa posib
- Aranje pou separasyon 6 pye oswa plis pou envite yo pandan anrejistreman ak depa nan enstale makè separasyon sou planche a ak otreman limite opòtinite pou anpil moun nan zòn biwo resepsyon an
- Sal makè ak koulwa pou endike separasyon 6 pye

Vire lè travay ak poz manje pou travayè yo, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote, ak asire omwen distans fizik 6 pye

Egzije kouvri figi pou tout kliyan ak travayè yo, sof lè yon moun pa ka mete yon mask pou kouvri figi akòz yon kondisyon medikal oswa andikap

Envite yo ta dwe antre nan pòt yo ki swa ouvè, si posib, oswa otomatik oswa ki fonksyone manyèlman pa yon travayè ki lave men souvan ak/oswa itilize yon dezenfektan apwopriye pou men

Etabli koulwa direksyon ak pasaj pou jere kantite vizitè pou trafik apye, pou dimine kontak (egzanp., antre nan sans inik ak sòti nan sal direksyon a sans inik yo). Afiche siy vizib klè osijè règleman sa yo

Limite kantite moun kap monte yon asansè ak asire itilizasyon kouvri figi. Itilize siy pou kominike kondisyon sa yo

Mande pou travayè yo evite bay lanmen ak salitasyon ki menm jan ki deranje distans fizik

Travayè yo pa ta dwe ouvè pòt veyikil oswa taksì. Yo ta dwe evite operasyon estasyonman veyikil sof si li nesèsè akòz kontrent fizik oswa jeyografik nan fason pou akomode envite endividyèl ki gen kondisyon andikap

### Rekòmande pi bon pratik yo

Entèdi rasanbleman 10 oswa plis travayè pandan èdtan travay yo

Ankouraje itilizasyon metòd peman san kontak kèlkeswa lè sa posib



## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### PWOTOKÒL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl ;

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Mande pou travayè yo lave men oswa itilize dezenfektan souvan

Afiche siy vizib nan tout sit la (devam ak dèyè kay la) pou fè travayè ak kliyan yo sonje sou pwotokòl sekirite ak ijyèn

Bay dezenfektan pou men nan zòn piblik yo nan tout etablisman an pou envite ak travayè yo itilize

Limite otan ke posib pou pataje ekipman pòtab, telefòn, biwo, estasyon travay, ak lòt zouti ak ekipman travayè yo nan limit posib

Dezenfekte ekipman pataje yo anvan, pandan ak apre chak chif travay oswa nenpòt lè ekipman transfere a yon lòt travayè

Sispann itilize ekipman manje ak bwason pataje nan sal-a-manje ak koulwa yo (sa ki gen ladan kafetyè pataje). Fèmen machin glas manyèl yo oswa itilize machin glas otomatik yo

### Rekòmande pi bon pratik

Konsidere pou enstale pirifikatè lè ki gen wo efikasite, modènize filtè lè bilding lan nan piwo efikasite posib, ak fè lòt modifikasyon pou ogmante kantite lè deyò ak vantilasyon nan biwo yo, chanm envite, ak lòt espas yo



### PÈSONÈL & OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan:

- Distan sosal, lave men, itilizasyon apwopriye nan kouvri figi
- Oto depistaj nan kay, sa ki gen ladan tcheke sentòm ak tanperati
- Ranfòse ke anplwaye ki malad pa ta dwe vini travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab rann moun nan pi siseptib pou kontrakte ak soufri yon ka viris maladi grav

Etablisman yo dwe teste travayè yo nan chak chif travay lè yo asire sa ki annaprè a:

- Travayè a pa genyen okenn sentòm tankou lafyèv (100.0 ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, kò fè mal/misk, nen koule/konjesyon, nouvo pèt gou oswa sant, oswa kè plen, vomisman oswa dyare
- Travayè a pa t genyen "kontak pwòch" avèk yon moun ki dyagnostige avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan memm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ou te nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje istansil, ou tap touse) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandanke moun nan pa gen sentòm
- Doktè oswa yon otorite sante piblik pa t mande travayè a pou l izole l oswa rete an karantèn
- Yo dwe voye lakay yo travayè yo ki neglije pou satisfè kritè ki anwo a

Ajiste lè ak orè travay yo ( ekip kap travay la avèk diferan orè oswa chanje arive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen antre yo

Kenbe yon jounal pou travayè ak kliyan yo pou sipòte posiblite nan retrase kontak (non, dat, lè, enfòmasyon kontak) si nesèsè

Travayè yo pa ta dwe vin travay si yo santi yo malad

Si yo enfòme anplwaye a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwaye a pral enfòme Komisyon Sante lokal (LBOH) epi travay avèk yo pou trase siseptib kontak nan plas travay la epi enfòme travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan [Direktiv sou Sekirite Estanda nan Plas Travay Commonwealth la](#)

Etablisman ebèjeman yo ta dwe kenbe èdtan ouvèti ki pèmèt yon asenisman ak netwayaj kontinyèl


Limite vizitè ak founisè sèvis sou sit la; ekspedisyon ak livrezon ta dwe fèt nan zòn deziyen yo

Ajiste lè repo ak manje anplwaye yo, reglemante kantite moun yonsèl kote, ak asire distans fizik omwen 6 pye

Ajiste pwosesis fòmasyon ak entegrasyon pou pèmèt distans sosyal, kenbe distans si posib

Yo ta dwe òganize reyinyon vityèl chak jou anvan chif travay la kòmanse oswa kote ki otorize distans sosyal

Diminye sifas yo manyen anpil yo tankou kyòs, tablet, plim, kat kredi, resi ak kle



## PÈSONÈL & OPERASYON

### ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE

Sèvis chanm, lesiv ak sèvis netwayaj sèk, ak livrezon ekipman yo ta dwe disponib lè ou itilize pwotokòl livrezon ak ranmasaj san kontak

Retire tout ekipman ki pa esansyèl (dlo oswa kafe, chanm pou manto yo, elatriye) nan kote piblik yo

Retire oswa limite ekipman papyè nan chanm envite yo. Retire plim, papyè ak anyè, magazin ak bwochi; sipleman avèk materyèl dijital oswa fè materyèl ki disponib sou demann

Ekipman ak sèvis ki sou plas ka ouvè ak fonksyone sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otreman otorize pou fonksyone anba Plan Faz Re-ouvèti Commonwealth la e apres a li dwe konfòme avèk tout pwotokòl sekirite sektè spesifik, disponib sou [sitwèb plan re-ouvèti a](#), ki aplikab nan ekipman oswa sèvis. Egzanp yo gen ladan:

- Restoran ak kafe: Dwe swiv dènye direktiv restoran
- Magazen kado : Dwe swiv dènye direktiv sou lavant andetay
- Jimnastik: Dwe swiv dènye direktiv sou egzèsis fizik
- Pisin yo: Dwe swiv direktiv pisin
- Espa: Dwe swiv dènye direktiv sou biznis ki gen kontak pwòch
- Teren gòlf: Dwe swiv dènye direktiv sou gòlf
- Aktivite prive: Dwe swiv dènye direktiv sou aktivite andedan ak deyò

#### Rekòmande pi bon pratik yo

Yo ankouraje travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 pou yo rete lakay yo dapre Sant pou Kontwòl Maladi egzanp., akòz laj oswa kondisyon sante ki kache

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divulge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak

Bay poz deyò pou pèmèt distans sosyal, si posib



## NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Netwaye sifas komen ki manyen anpil yo nan twalèt yo (egzanp., chèz twalèt, manch pòt, manch kabinè, lavabo, distribitè sèvyèt an papyè, distribitè savon) souvan ak annakò avèk direktiv CDC

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou sit la (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe yon journal netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak etandi netwayaj

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan tout zòn komen yo nan sit ebèjeman (plizyè fwa pa jou si lokal ebèjeman an gen plizyè chanm envite)

Kenbe journal netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak etandi netwayaj

Fè dezenfeksyon souvan zòn ki gen anpil sikilasyon ak sa ki manyen souvan (egzanp., manch pòt, charyo woulan, saldatant yo)

Sizoka yon envite prezante yon ka prezime nan COVID-19 oswa yon ka pozitif, chanm envite sa te okipe ka retounen nan sèvis sèlman apre yo fin sibi yon pwotokòl dezenfeksyon amelyore, annakò avèk gid CDC yo

Pratike yon dezenfeksyon amelyore lè ou netwaye ak dezenfekte tout gwo sifas yo chak fwa yon envite ale ak anvan pwochen envite a rantre, ak lave tout dra, kouvrelè ak kouvèti yo

Yo dwe retire dra sal yo epi pote yo nan chanm envite yo nan sak sele yonsèl itilizasyon, ak pwotèj-zorye sou kabann chanm yo dwe chanje apre chak envite. Anbalaj atik sa yo dwe fèt nan chanm envite a pou elimine tout kontak anplis pandan transpò a. Tout dra kabann yo dwe lave nan tanperati elve epi netwaye konfòmman avèk direktiv CDC yo

Menaje a pa dwe antre nan yon chanm envite pandan envite a prezan fizikman nan chanm lan sof sou demann spesifik envite a; Sèvis menaje dwe otreman sèvis chanm sèlman lè envite yo pa prezan ak diminye kontak avèk byen pèsone envite yo; Menaje yo ta dwe ouvè pòt ak fenèt chanm yo lè sa posib pou ogmante sikilasyon lè

#### Rekòmande pi bon pratik yo

Ouvè pòt ak fenèt nan espas komen yo pou ogmante vantilasyon lè sa posib

Konsidere bay “twous” netwayaj (resipyan pòtab avèk pwodui netwayaj) aksesib nan tout otèl la pou zòn ki pral netwaye yo detanzantan pandan tout jounen an

Apre chak depa, konsidere kite chanm envite a lib pandan 24èdtan nan kad pwotokòl netwayaj pou pèmèt yon netwayaj an pwofondè, yon dezenfektan ak netwayaj pou seche, ak echanj lè rezonab